दिन–गुरूवार दिनांक–26.02.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार विधानमंडल बजट सत्रक अठारहवां दिन आइ विधानसभा मे विधायी काज शांतिपूर्वक संपन्न भेल। प्रश्नोत्तर काल, शून्य काल आओर ध्यानाकर्षण समेत सभटा विधायी काज पूरा कऽ लेल गेल। भोजनावकाशक बाद सदन **बिहार राज्य मदरसा शिक्षा बोर्ड संशोधन विधेयक, बिहार अधिवक्ता कल्याण निधि संशोधन विधेयक आओर बिहार सुक्ष्म वित्त संस्था विधेयक** समेत छओ टा प्रमुख विधेयक ध्वनिमत सँ पारित कयल गेल।

---

केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह कहलनि जे नरेन्द्र मोदी सरकार भारतक धरती सँ सभ टा घुसपैठिया कैँ भगेबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। बिहारक तीन दिवसीय दौरा पर आइ अररिया मे एकटा रैली कैँ संबोधित करैत श्री शाह कहलनि जे घुसपैठिया सभसँ मुक्ति मात्र मतदाता सूची सँ नाम हटेबा धरि सीमित नहि होयत, अपीतु एहि मे देश सँ अवैध घुसपैठिया कैँ समाप्त करबाक लेल एकटा व्यापक अभियान शामिल होयत। केन्द्रीय गृहमंत्री कहलनि जे सीमांचल क्षेत्र मे जल्दि एकटा लक्षित पहल शुरू कयल जायत। एहि अवसर पर सशस्त्र सीमा बल एसएसबी सँ जुड़ल कतेको परियोजना सभक लोकार्पण करैत केन्द्रीय गृह मंत्री कहलनि जे भारत–नेपाल सीमा सड़क योजनाक काज जल्दि पूरा कऽ लेल जायत। एहि सँ एसएसबी के निगरानी क्षमता कते गुण बढ़ि जायत।

---

केन्द्रीय सड़क परिवहन आओर राजमार्ग मंत्री नितिन गड़करी कहलनि जे सड़क सुरक्षा देशक लेल एकटा महत्वपूर्ण आओर गंभीर विषय अछि। ओ भारत मे बढ़ैत सड़क दुर्घटना पर चिंता व्यक्त कयलनि। आइ नई दिल्ली मे आयोजित सड़क सुरक्षा पर राष्ट्रीय सम्मेलन कँ संबोधित करैत श्री गड़करी कहलनि जे भारत मे प्रतिवर्ष लगभग पांच लाख सड़क दुर्घटना होयत अछि। जाहि मे लगभग एक लाख अस्सी हजार लोकक मृत्यु भऽ जायत अछि। ओ जनौलनि जे सरकार आब **प्रदर्शन–उन्मुख नीति** अपनौलक अछि। जाहि मे नीक जवाबदेही आओर सड़कक गुणवत्ता सुनिश्चित करबाक लेल वित्तीय लेखापरीक्षाक स्थानपर प्रदर्शन लेखापरीक्षाक प्राथमिकता देल जा रहल अछि।

---

बिहारक पांच समेत दसटा राज्य सभ मे राज्यसभाक सैंतालीस टा सीटक चुनावक अधिसूचना आइ जारी कऽ देल गेल। एहिक संग नामांकनक प्रक्रिया सेहो शुरू भऽ गेल। नामांकनक अंतिम तिथि पांच मार्च निर्धारित अछि। ओतहि, प्रत्याशी सभ नओ मार्च धरि अपन नाम वापस लऽ सकैत छथि। सोलह मार्च कँ मतदान कराओल जायत। ध्यातव्य अछि जे नओ अप्रैल कँ राज्यक पांचटा सांसद सभक कार्यकाल समाप्त भऽ रहल अछि। एहि मे जदयू कोटाक सांसद आओर राज्यसभाक उपसभापति हरिवंश आओर केन्द्रीय मंत्री रामनाथ ठाकुर, राजद के प्रेमचंद्र गुप्ता आ अमरेन्द्रधारी सिंह तथा राष्ट्रीय लोक मोर्चा अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा शामिल छथि।

---

महागठबंधन राज्यसभा चुनाव मे प्रत्याशी उतारबाक निर्णय कयलनि अछि। राजद के कार्यकारी अध्यक्ष आओर विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि जे महागठबंधन पूर्ण शक्ति सँ चुनाव लड़त। पटना मे आकाशवाणी समाचार सँ गपशप करैत श्री यादव महागठबंधन के प्रत्याशी सभक जीतक भरोसा सेहो जतौलनि।

---

राष्ट्रीय महिला आयोगक सदस्य ममता कुमारी आइ बेगूसराय समाहरणालय परिसर मे आयोजित जनसुनवाई कार्यक्रम मे महिला सभक समस्या कँ सुनलनि। ओ आयोग आपके द्वार कार्यक्रम के तहत कतेको मामिला के त्वरित निष्पादनक लेल निर्देश देलनि अछि। श्रीमती ममता कहलनि जे महिला सभक सशक्तिकरणक लेल हुनकर शिक्षा पर सभ सँ बेसी जोर देल जयबाक चाही।

---

चेतना समिति पटना द्वारा काल्हि सांझ सम्मान समारोह कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। उक्त अवसर पर समिति द्वारा उपस्थित विधायक लोकनि कैँ मिथिला आ मैथिली सँ जुड़ल कतेको समस्या सभ पर ध्यान आकर्षित कराओल गेल। विशेष रूप सँ मैथिली अकादमीक दूस्थितक विषय मे विस्तार सँ चर्चा कयल गेल। उपस्थित सभ विधायक एकमत सँ एहि विषय पर गंभीरता देखबैत आश्वासन देलनि जे एहि दिस शीघ्र आवश्यक काज कयल जायत आ समाधानक लेल ठोस डेग उठाओल जायत।

---

आईसीसी टी–ट्वेंटी क्रिकेट विश्वकप के सुपर–एट मोकाबिला मे आइ चेन्नई मे सांझ सात बजे भारतक सामना जिम्बाब्वे सँ होयत। सेमी फाईनल मे जगह बनेबाक लेल भारतक लेल ई मैच बेसी महत्वपूर्ण अछि। भारत सुपर–एट मे दक्षिण अफ्रीका सँ पहिल मैच हारि गेल छल।

---

समाप्त